



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 23 jiyè 2014

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EFÒ PLIZYÈ AJANS NAN ETA POU REPONN A DIFERANS LGBT

### ***New York vini premye eta nan peyi a avèk estrateji kowòdone nan tout eta pou amelyore koleksyon done LGBT***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Eta New York ap antreprann yon efò kowòdone, avèk efò plizyè ajans pou ranfòse koleksyon done pou madivin, masisi, bi-seksyèl ak transjan (LGBT) Nouyòkè yo. Souliye nan [premye rapò](#) pa Mendèv LGBT entè-ajans Eta, efò sa nan tout eta pou enkli oryantasyon seksyèl ak enfòmasyon idantite seksyèl nan koleksyon done pral pèmèt eta pi byen adapte sèvis pou satisfè bezwen LGBT yo, finalman amelyore sante ak lavi pilzyè milye Nouyòkè. Efò sa a fè New York vini premye eta nan peyi a pou anplwaye yon strateji kowòdone pou devlope pwosedi koleksyon done l pou kominote LGBT a.

“Eta New York gen yon istwa long pou avanse ideyal pwogresif, e jodia nap kontinye pou mennen nasyon an nan idantifye nouvo fason pou amelyore sèvis yo ak pi byen satisfè bezwen kominote LGBT a,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lè nou vini pi enkliziv avèk fason ajans eta yo ap kontwole demografik moun yap sèvi yo, nou kapab adrese diferans sante ak finans, preyokipasyon sante, ak yon bann kantite lòt pwoblèm ki gen enpak sou LGBT New York yo. Sa a se yon lòt etap pwogrè pou yon kominote enpòtan nan New York, e administrasyon nou an pral kontinye kanpe pou tout Nouyòkè yo, keseswa oryantasyon seksyèl yo oswa idantite seksyèl.”

Enstiti Medsin nan [rapò](#) mwa Mas, 2011 li a, *Sante Moun ki Madivin, Masisi, Bi-seksyèl, ak Transjan: [The Health of Lesbian, Gay, Bisexual, and Transgender People: ] Bati yon fonadasyon pou yon pi bon konpreyansyon*, mete anfaz sou bezwen pou koleksyon done idantite seksyèl ak oryantasyon. Akòz de koleksyon done ki limite, li kapab difisil pou idantifye nati sante spesifik ak lòt diferans nan kominote LGBT yo ak fòmile mwayen efikas pou adrese yo.

Uit ajans eta aktyèlman kolekte oswa ap mete sistèm yo ajou pou kolekte enfòmasyon demografik LGBT nan enstriman klinik ak sondaj yo: Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè, Depatman Sante, Biwo pou moun ki aje yo, Biwo Sante Mantal, Biwo Alkòl ak sèvis Abi Sibstans, Biwo Asistans Tanporè pou Andikape, Biwo Timoun ak Sèvis Fanmi, ak Biwo pou moun ki gen andikap devlopman. Mendèv la ap

Haitian Creole

travay avèk tout ajans yo pou idantifye sistèm apwopriye adisyonèl pou mete ajou nan ane 2015, e li pral asire ke ajans yo ap pataje resous yo ak pi bon pratik nan fòmasyon ak enpleman chanjman sa yo.

Jonathan Lang, Direktè Afè Gouvènmantal ak Pwojè Kominotè pou Ajenda Fyète Empire Statre, te deklare, “ Óganizasyon defans LGBT New York fyè pou l fè patnè avèk ajans yo nan tout eta pou finalman kòmanse koleksyon enfòmasyon enpòtan sou madivin, masisi, bi-seksyèl ak transjan Nouyòkè yo. Enfòmasyon ki te kolekte a pral enkwayableman itil pou idantifye ak konprann bezwen LGBT Nouyòkè yo ki pral ede nou kreye apwòch ki pi byen adapte pou redwi efikasman disparite sante ki byen dokimante yon enpak defavorab pou kominote nou yo.”

Glenda Testone, Direktè Egzekitif Sant Kominote Madivin, Masisi, Bi-seksyèl & Transjan nan Manhattan, te deklare, “Nou akeyi ak sipòte desizyon OASAS pou kolekte done sou oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl. Done sa a pral sèvi kòm yon zouti pwisan pou adrese abi sibstans—ak koneksyon l avèk VIH— nan komite LGBT yo. Daprè gouvènmant federal la LGBT gen piwo nivo abi sibstans, e nouvo done sa a pral ame founisè lokal yo pou pi byen asire ekite sante, aksè a swen sante ak anwolman nan asirans sante pou kominote nou yo.”

Michele McClave, Direktè Egzekitif Konsèy SIDA Nòdès New York, te deklare, “Chanje sistèm nou pou kolekte enfòmasyon sou oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl enpòtan pou bay pibon prevansyon ak sèvis tretman SIDA ki santre sou pasyan e nou kapab ak kontinye tradisyon New York pou genyen premye sistèm tretman nan peyi a.”

Lisa Alford, Direktè Egzekitif Biwo Konte Onondaga pou moun ki aje yo, te deklare, “Enkli enfòmasyon sou kominote LGBT nan pwosis admisyon nou an te enpòtan pou asire ke nap bay sèvis vital a granmoun yo nan konte Onondaga. Nou aplodi lidèchip Gouvènè Cuomo pou kowòdone yon strateji nan tout eta avèk plis ajans eta pou amelyore pwogram ak sèvis pou tout Nouyòkè yo.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*

**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE